दिन–शनिवार दिनांक–26.04.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि अछि जे जखन युवा राष्ट्र निर्माण मे भाग लैत छथि तऽ राष्ट्र तेजी सँ विकास करैत अछि आ विश्व मे अपन पहचान बनबैत छथि। ओ कहलनि जे आइ देशक युवा लोकनि अपन मेहनत आ नवाचार सँ दुनिया के देखा रहल छथि जे देश मे कतेक संभावना अछि। प्रधानमंत्री आइ विभिन्न सरकारी विभाग आ संगठन मे नवनियुक्त एकावन हजार सँ बेसी युवा के रोजगार मेला मे वीडियों कॉन्फ्रेंसक माध्यम सँ नियुक्ति पत्र वितरित कयलनि। एहि अवसर पर श्री मोदी कहलनि जे जाहि युवा लोकनि के आइ नियुक्ति पत्र भेटल छनि हुनका पर देशक अर्थव्यवस्था आ आंतरिक सुरक्षा के मजगूत करबाक, आधुनिक बुनियादी ढ़ांचाक विकास करबाक आ श्रमिक लोकनिक जीवन मे बदलाव लयबाक पैघ जिम्मेदारी छनि। प्रधानमंत्री कहलनि जे ओ अपन काजक प्रति जतेक ईमानदार हेताह, ओतबे भारतक विकसित यात्रा मे सहायक हेताह। श्री मोदी कहलनि जे बजट मे सरकार विनिर्माण मिशनक घोषणा कयलक अछि आ एकर उद्देश्य मेक इन इंडिया के बढ़ावा देबाक अछि। ओ कहलनि जे एहि सँ ने मात्र लाखो सूक्ष्म, लघु आ मध्यम उद्यम तथा छोट उद्यमी के बढ़ावा भेटत अपितु देशभरि मे रोजगारक नव अवसर खुजत। रोजगार सृजन के उच्च प्राथमिकता देबाक प्रधानमंत्रीक प्रतिबद्धताक अनुरूप पन्द्रहम रोजगार मेला आइ देशभरि मे सैंतालीस स्थान पर आयोजित कयल गेल। नव भर्ती भेल कर्मचारी राजस्व विभाग, कार्मिक आ लोक शिकायत तथा पेंशन मंत्रालय, गृह मंत्रालय, डाक विभाग उच्च शिक्षा विभाग, रेल मंत्रालय समेत विभिन्न मंत्रालय आ विभाग मे केन्द्र सरकारक नोकरी मे सम्मिलित हेताह।

---

एम्हर, पटनाक अधिवेशन भवन मे आयोजित रोजगार मेला मे दू सय पन्द्रह चयनित अभ्यर्थी के केन्द्रीय कृषि आ किसान कल्याण राज्य मंत्री रामनाथ ठाकुर नियुक्ति पत्र सौंपलनि। एहि अवसर पर श्री ठाकुर नवनियुक्त कर्मी लोकनि के बधाई देलनि आ हुनक सफल भविष्यक कामना कयलनि। ओतहि, बोधगया मे आयोजित रोजगार मेला मे केन्द्रीय मंत्री जीतनराम मांझी चयनित अभ्यर्थी लोकनि के नियुक्ति पत्र सौपलनि।

———————————————————————————

सूचना आ प्रसारण मंत्रालय मीडिया चैनल सभ के परामर्श जारी कयलक अछि। एहि मे हुनका राष्ट्रीय सुरक्षाक हित मे आतंकवाद रोधी अभियान मे आ सुरक्षा बलक गतिविधिक लाईव कवरेज सँ दूर रहबाक सलाह देल गेल अछि। मंत्रालय मीडिया सँ रक्षा अभियान अथवा गतिविधि सँ संबंधित स्रोत आधारित सूचना पर रिपोर्टिंग करबा सँ दूर रहबाक सलाह देलक अछि। मंत्रालय कहलक अछि जे समय सँ पहिने संवेदनशील सूचनाक खुलासा देश विरोधी तत्व लेल सहायक साबित होयत।

———————————————————————————

प्रदेशक उप मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि अछि जे पहलगाम हिंसा के बाद भारत सरकारक आदेश सख्ती सँ लागू कयल जायत। ओ आइ पटना मे जनौलनि जे वीजा रद्द हेबाक बाद एकहुं पाकिस्तानी बिहार मे नहि रहताह। ओ कहलनि जे विदेश मंत्रालयक सहयोग सँ बिहार मे रहि रहल पाकिस्तानी नागरिक के चिन्हित कऽ लेल गेल अछि आ हुनका वापस पाकिस्तान पठाओल जायत।

———————————————————————————

सहकारिता मंत्री डॉ. प्रेम कुमार आइ पटना मे खरीफ मौसम सहायताक अंतर्गत प्रदेशक चालीस हजार सँ बेसी लाभार्थी किसानक मध्य फसल सहायता योजनाक अंतर्गत करीब तैंतीस करोड़ टाकाक भोगतान कयलनि।

———————————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी काल्हि सवेरे एगारह बजे आकाशवाणी पर मन की बात कार्यक्रम मे देश विदेशक लोकक संग अपन विचार साझा करताह। ई एहि कार्यक्रमक एक सय एक्कैसम संस्करण होयत। ई कार्यक्रम आकाशवाणी आ दूरदर्शनक सभ नेटवर्क पर प्रसारित कयल जायत। एकर अतिरिक्त मन की बातक प्रसारण आकाशवाणीक वेबसाइट आ न्यूज ऑन एआईआर मोबाइल ऐप पर सेहो उपलब्ध होयत। कार्यक्रम के प्रसार भारतीक वेव्स ओटीटी प्लेटफॉर्म पर सेहो सुनल जा सकैत अछि।

———————————————————————————————

राज्य मे एसटीईटी परीक्षा एखन आयोजित नहि कयल जायत। जखनकि सक्षमता परीक्षा–तीन दस सँ पन्द्रह मई के बीच आयोजित कयल जायत। बिहार माध्यमिक शिक्षा बोर्डक अध्यक्ष आनंद किशोर आइ पटना मे ई जनतब देलनि।

———————————————————————————————

प्रदेशक अधिकांश भाग मे भीषण गर्मी आ लू चलबाक प्रकोप जारी अछि। राज्यक दक्षिण–पश्चिम आ दक्षिण–मध्य भाग मे भीषण गर्मी सँ जनजीवन प्रभावित भेल अछि। एम्हर, प्राप्त ताजा जनतबक अनुसार मौसम विभाग अट्ठाईस अप्रील के मधुबनी, पटना समेत प्रदेशक पच्चीस जिला मे विभिन्न स्थान पर अन्हर–बरखा हेबाक संगहि ठनका खसबाक संभावना के देखैत रेड अलर्ट जारी कयलक अछि। एकर संगहि, समस्तीपुर आ दरभंगा समेत नओ जिला लेल ऑरेंज अलर्ट जखनकि किछु स्थान लेल येलो अलर्ट जारी कयल गेल अछि।

———————————————————————————————

समाप्त भेल।